



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RETOU ESPEKTAK AYERYEN BETHPAGE LA NAN PAK ETA JONES BEACH LA

Tradisyon popilè wikenn Jounen Memoryal la retounen apre yon ane li pa fèt

Nouvo mezi pou tikè, distans sosyal dwe anplas pou kenbe piblik la an sekirite

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Espektak Ayeryen Bethpage nan Pak Eta Jones Beach la pral retounen nan wikenn Jounen Memoryal (Memorial Day) la apre yon ane li pa fèt. Espektak anplennè a, ke Sendika Kredi Federal Bethpage (Bethpage Federal Credit Union) esponsòriz, prezante yon seri atis ayeryen militè ak sivil. Espektak ane sa a se pral yon evènman ki mande tikè, avèk kapasite redwi ak mezi distans sosyal ki ap anplas pou asire yon retou san danje tradisyon patriyotik bò lanmè Long Island lan.

"Pandan n ap kontinye wè pwogrè nan batay nou kont COVID la epi re-ouvri eta nou an ak prekosyon, nou pa ka tann pou jwi plis avanti anplennè toujou pou ete sa a - sa gen ladan Espektak Ayeryen Bethpage anyèl la nan Pak Eta Jones Beach", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Avèk mezi sekirite ki anplas yo, Nouyòk ak vizitè yo kapab tounen jwi tout sa Pak Eta Jones Beach ak Long Island yo gen pou ofri, epi festival anyèl sa a se yon bon fason pou soti anplennè ak sipòte ekonomi rejyonal Long Island lan."

Espektak Ayeryen Bethpage la nan Jones Beach, youn nan evènman ki pi popilè nan Long Island, te anile ane pase akòz pandemi Covid-19 la. Retou li ane sa a tounen avèk yon tradisyon wikenn Jounen Memoryal la ki selebre kòmansman ete sou plaj Long Island yo ak onore fanmi militè yo ak sila yo ki sèvi peyi nou an.

Espektak ane sa a prezante Thunderbirds Fòs Ayeryen Etazini an, Thunderbolt (Warthog) Fòs Ayeryen Etazini A-10 lan, ekip parachit Lame Ameriken Golden Knights Lame Ameriken ak ekip Rechèch ak Sovtaj Gad Kotye Etazini an, ansanm ak anpil lòt atis sivil klas mondyal. Espektak Ayeryen Bethpage la pral fèt vandredi 28 me (espektak pratik); samdi 29 me ak dimanch 30 me 2021 soti 10 a.m. rive 3 p.m. chak jou.

Vizitè yo dwe achte yon tikè alavans pou pak la nan Jones Beach pandan espektak la. Detay sou acha yon tikè pral anonse nan yon dat annapre. Kapasite pakin lan pral redwi nan 50 pousan, epi sèlman sila yo ki gen yon tikè ki pral otorize antre. Pak Eta yo pral gen pèsònèl anplis pare pou ranfòse tout kondisyon sante ak sekirite yo, sa gen ladan kondisyon pou kouvri figi ak distans sosyal. Lapolis Pak Eta a pral resevwa

asistans Lapolis Eta New York tou. Moun ki gen randevou nan sit tè s oswa vaksen Covid-19 Jones Beach la pa pral afekte, epi pral kapab antre atravè vwa sikilasyon ki dedye pou sa.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Ki pi bon fason pou kòmanse sezon dete plaj la pase Espektak Ayeryen Bethpage la nan Jones Beach la. Gras ak lidèchip ak sipò Gouvènè Cuomo, Pak Eta a kontan pou resevwa retou Espektak Ayeryen an. Mwen rekonesan pou tout esponsò, patnè, atis ak pèsonèl yo ki travay di pou vini ak tradisyon sa a ki rasanble anpil fanmi ak zanmi".

Direktè Egzekitif Jeneral Sendika Kredi Federal Bethpage la, Wayne Grosse, te deklare, "Nou kontan anpil dèske Espektak Ayeryen Bethpage nan Jones Beach la nan 2021 an tounen! Apre yon ane difisil, Bethpage fyè pou travay avèk Pak yo nan Eta a pou asire fanatik tout laj espektak ayeryen an kapab jwi yon bèl jounen nan plaj la ak onore militè nasyon nou an nan wikenn Jounen Memoryal sa a. Pandan espektak ane sa a pral parèt yon ti jan diferan avèk kapasite redui, nou kontan Nouyòkè yo pral toujou kapab jwi Espektak Ayeryen amizan, plen enèji a ke tout fanatik yo t ap tann".

Biwo Pak, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik la nan Eta New York sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis bagay toujou, ki resevwa vizit 78 milyon moun chak ane. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite www.parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon mobil NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518-474-0456. Epitou, konekte sou [Facebook](#), [Instagram](#) ak [Twitter](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)